



Etazini ak mond lan:

SS.7.CG.4.4

11 septanm 2001

Konferans No 3 Kreyòl Ayisyen

Non: _____

Dat: _____



Klarifikasyon Twa: Elèv yo pral rekonèt enpòtans pou yo respekte libète sivil yo pandan y ap asire pwoteksyon ak sekirite.

Aprè evènman 11 septanm yo, youn nan kesyon ki pi enpòtan ke Etazini te gen anfas li se kijan pou asire sekirite ak pwoteksyon sitwayen li yo pandan ke y ap respekte enpòtans libète sivil ke Konstitisyon Etazini a garanti yo. Sa se pa yon nouvo pwoblèm Depi prezidan John Adams ak **Lwa sou Etranje Ak Sedisyon** li yo, ki te limite imigrasyon Ozetazini ak mete restriksyon sou diskou ki te defye gouvènman an, nou te travay pou jwenn ekilib sa a. Yo te finalman pèmèt ke lwa sou Etranje ak Sedisyon yo ekspire, men te gen lòt ka kote gouvènman an, tribinal yo, ak sitwayen Ameriken yo te gen konfli sou libète sivil, pwoteksyon, ak sekirite.

Lwa sou Espyonaj ak Sedisyon nan lane 1917 ak 1918 yo te gen yon gwo enpak sou libète lapawòl pandan Premye Gè Mondyal la paske yo te limite sa moun te ka di sou efò lagè Etazini an. Nan Ka lakou siprèm Etazini an nan zafè **Schenck v. Etazini** (1919), Lakou Siprèm nan te deside ke lwa sa a pa t vyole Premye Amannman an. Sepandan, an 1969, Lakou Siprèm te finalman ranvèse presedan sa a nan dosye **Brandenburg v. Ohio**, e l te deklare ke gouvènman an pa ka restrenn lapawòl si li pa renmen sa ki te di a. Li te itilize yon 'tès ki gen de volè': yo te kapab entèdi diskou sèlman si 1. li ankouraje aktivite ilegal, EPI 2. si aktivite sa a te gen chans rive.

Nan kòmansman Dezyèm Gè Mondyal la, Prezidan Franklin Roosevelt te pwomilge Lòd Egzekitif 9066 la. Lòd sa a te fòse imigran Japonè yo ansanm ak Ameriken Japonè yo antre nan kan entènman pou pwoteje sekirite piblik la apre atak nasyon Japon an sou Pearl Harbor. Nan **Korematsu v. Etazini** (1944), Kou Siprèm Etazini an te deside ke sa pa t vyole libète sivil Ameriken Japonè yo, ki gen ladan l dwa yo selon 14yèm Amannman an pou jwenn pwoteksyon egal. Pandan desizyon sa a pa janm te ranvèse, gouvènman ameriken an te bay moun ke yo te voye nan kan entènman yo reparasyon, e li te mande eskiz pou aksyon li a.

Aprè 9/11, gouvènman Ameriken an te pwomilge **USA PATRIOT ACT** la. Zak sa a te elaji otorite ajans ki fè respekte lalwa yo, pou yo bay **siveyans** komunikasyon ak sib, ki ni domestik, ni etranje yo pandan li te kenbe teworis sispèk yo. Etazini te kreye tou Depatman Sekirite Terityoral (DHS) ak Administrasyon Sekirite Transpò (TSA) nan yon efò pou asire sekirite ak sekirite sitwayen yo.

Youn nan difikilte yo ak USA PATRIOT ACT la ansanm ak bagay tankou DHS ak TSA se garanti ke dwa **habeas corpus** ak dwa vi prive sitwayen yo anba Konstitisyon nou yo pa vyole. Pou sa ka

ede, Konstitisyon nou an pèmèt genyen kontwòl jidisyè ki ka kontribiye nan garanti ekilib nou bezwen ant sekirite ak libète. Pandan li pa toujou sou kote libète sivil yo, tribinal nou yo te pibliye desizyon ki pafwa limite pouvwa gouvènman an. Depi lwa USA PATRIOT la te pwomilge, pa ekzanp, tribinal yo te deklare plizyè pati ladan li antikonstitisyonèl. Anpil nan desizyon sa yo te baze sou sa tribinal yo te jije kòm vyolasyon **Premye** oswa **Katriyèm Amannman yo**. Finalman, Konstitisyon nou an jwe wòl ki pi gwo nan balanse bezwen sekirite ak pwoteksyon ak pwoteksyon pou libète sivil yo.

Lwa Etranje ak Sedisyon: 1798 lwa anba Prezidan John Adams ki te limite imigrasyon Ozetazini pandan y ap mete restriksyon sou diskou ki te defye gouvènman an

Schenck v. Etazini: 1919 Etazini Ka Tribinal Siprèm ki te konfime limit sou libète lapawòl lè li te poze yon danje 'klè ak prezan'

Brandenburg v. Ohio: 1969 Etazini Ka Tribinal Siprèm ki te etabli tès 'de pwen' pou evalye limit sou lapawòl

Korematsu v. Etazini: 1944 Etazini Tribinal Siprèm ki te konfime entènasyon sitwayen Japonè-Ameriken yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la (1944)

USA PATRIOT ACT: 2001 lwa ki elaji otorite siveyans gouvènman an ak kapasite pou kenbe sispèk teworis yo

Siveyans: zouti, resous, ak apwòch gouvènman an itilize pou mennen ankèt sou moun ki ka sispèk nan yon krim

habeas corpus: prensip ke gouvènman an dwe bay yon kòz oswa rezon pou kenbe yon moun nan prizon

Premye: yon amannman ki garanti libète relijyon, laprès, asanble, lapawòl, ak dwa pou fè yon petisyon gouvènman an

Katriyèm Amannman yo: yon amannman ki entèdi gouvènman an angaje nan rechèch ki pa rezonab ak sezi yon moun oswa pwopriyete prive yo